

## **PAJ ENFÒMASYON YON VIKTIM**

### **KISA POU ATANN APRÈ YON PLENT AVEC LAPOLIS**

Paj sa a bay enfòmasyon sou sa ou ka atann nan men lapolis ak Biwo Pwokirè apre ou fin depoze yon plent.

### **ENVESTIGASYON LAPOLIS**

Apre ou fin rapòte yon krim, lapolis pral kòmanse yon envestigasyon. Pandan tan sa, lapolis pral rasanble prèv epi kesyone moun ki ka gen rapò ak ka a. Souvan, yo pral evalye ka a ak Biwo Pwokirè a. Nan moman ou rapòte krim lan bay lapolis, y ap fè w konnen si ou ka reklame konpansasyon kòm konsekans krim lan. Medyasyon se yon opsyon aussi.

Apre evenstigasyon la fini, lapolis soumèt dosye a nan Biwo Pwokirè a. Yon Pwokisitè deziyen ak asistan legal revize ka a epi enfòme w sou desizyon an ak pwogrè. Nan ka ki mwens grav, ka a ka finalize ak yon amann pou moun ki komèt krim lan, oubien konpansasyon pou viktim nan san pwosedi tribinal.

Lapolis ak / oubien pwosekitè a ka sispann yon evenstigasyon nan yon sitiayson si yo pa jwenn ase enfòmasyon pou trase moun yo sisplèk nan krim nan oubien si gen yon mank de prèv pou sipòte yon ka nan yon prosè legal. Lapolis oubien pwosekitè a pral enfòme w de youn nan posiblité a pi vit ke posib.

### **AVANSE PWOSEDI KRIMINAL**

Pandan evenstigasyon lapolis la ka arete yon sisplèk. Depi gen ase enfòmasyon pou pouswiv yon sisplèk, pwosekitè a pral detèmine ki aksyon yo pral pran tankou mande jij enstriksyon an pou detansyon preventif ak / oubien soumèt yon ka pou trete pa tribinal la.

Pwosikitè a pral kontakte w lè ka a soumèt epi anrejistre nan Biwo Pwokirè a. Lè sa a, ou ka endike si ou vle yo enfòme sou pwosedi a.

Pwosikitè a pral enfòme w sou dat tribinal la ak dwa'w kòm viktim oswa fanmi yon viktim nan yon pwosedi kriminèl.

Lòt enfòmasyon ka enkli yon sisplansyon de detansyon preventif sisplèk la si se posib.

Pwokisitè a ka revoke yon ka. Sa vle di li pa pral pouswiv ankò. Si yo revoke ka a, w ap resevwa yon lèt ki gen yon eksplikasyon ak enfòmasyon sou lòt etap ou ka pran si w pa dakò ak desizyon an.

## **KI DWA OU GENYEN PANDAN YON ENVESTIGASYON / PWOSESIS KRIMINAL?**

Si yo mennen ka w nan tribunal la, ou ka mande jij la pou mete reklamasyon konpansasyon w lan nan ka a. Sa ka enplike konpansasyon pou pwopriyete yo vòlè oubie, ki andomaje, depans medikal ki pa kouvri pa asirans oubien pèt revni. W ap resevwa yon fòm reklamasyon nan men pwosekitè a. Ou dwe preznan nan lodyans tribunal la pou soumett reklamasyon w la.

Pwokisitè a pral pran yon desizyon sou reklamasyon w la nan ka ki mwens grav ke yo trete deyò tribunal la.

Si yo te jwenn kòm prèv pwopriyete w ki te sezi oubien te vòlè nan evenstigasyon kriminèl la, anjeneral yo remèt li ba ou apre pwosekitè a finalize evenstigasyon an epi mennen ka a nan tribunal. Lapolis pral kontakte w pou diskite de ki jan, ki kote, ak ki lè ou ka rekipere pwopriyete w la.

## **LE'W KONTAKTE PWOKISITÈ A**

Viktim (oubien fanmi yon viktim) krim grav ak vyolan, tankou yon vòl, yon ofans seksyèl, oswa yon atak agrave, ka mande yon reyinyon ak pwosekitè a. Yo ka mande yon reyinyon konsa, pa egzanp, sou:

- Pwosedi jjiman kriminèl la
- Desizyon an pou ranvwaye yon ka
- Kisa ou dwe atann pandan odyans tribunal la
- Prèv kont sispèk la
- Posiblite yo konjire kont yon ka

## **ENFÒMASYON SOU BIWO PWISIKÈ A**

Biwo Pwokirè a gen responsabilite pou ranfòsman lalwa kriminèl, nan non peyi a, epi egzaminen rezon ki fè yo mennen yon sispèk devan Jij la nan Tribunal Premye Enstans pou fè fas ak akizasyon kriminèl.

Yon sispèk oswa Biwo Pwokirè a ka konjire ka a si youn nan yo pa dakò ak vèdik jij la nan Tribunal Premye Enstans. Nan Tribunal Apèl la, Biwo Pwokirè a reprezante pa avoka jeneral la.

## **ENFÒMASYON KONTAK ENPÒTAN**

### **Biwo Pwokirè**

Emmaplein 1

☎ +1 (721) 542-2243 oswa +1 (721) 543-0109

Imèl jeneral: parket.sintmaarten@OMCarib.org

Sit entènèt: <https://www.openbaarministerie.org>

Facebook: Openbaar Ministerie Sint Maarten/ Public Prosecutor's Office Sint Maarten

### **Lapolis Sint Maarten**

☎ Ijans: 911

☎ Si'w pa gen ijans: +1 (721) 542-2222

☎ Liy anonim: 9300

☎ Depatman Detektif : +1 (721) 542-2222 ext. 175/176 /177

☎ Depatman Jèn ak Moral: +1 (721) 542-2222 ext. 501 / 502 / 503 oubien 504

Imèl jeneral: [info@policesxm.sx](mailto:info@policesxm.sx)

Sit entènèt: [www.policesxm.sx](http://www.policesxm.sx)

Facebook: Police Force Sint Maarten/ Korps Politie Sint Maarten

### **Lòt òganizasyon sipò**

Tribinal gadyen legal (pou timoun ak jèn)

☎ 918 oubien +1 (721) 520-1473 (disponib 24/7)

Biwo fanm

☎ +1 (721) 520-6291 (8:00am-5:00pm)

Fondasyon Safe Haven (refij pou famn ak timoun)

☎ 9333 oubien +1 (721) 526-8663 (disponib 24/7)